

Ikinyamakuru

UBUNTU

BURIHABWA

N°160

CENTRE UBUNTU
Laboratoire d'Analyse et d'Action



IKIGANIRO MU KIBANO KIRAKIZA
IMITIMA YAKOMERETSE

BADANDAZA NAMWE BANYWANYI
B'AMASHIRAHAMWE YO KWITEZA IMBERE
**DUSUBIRE
KU KIVI**

PROMOTION DE LA PAIX ET DE LA RECONCILIATION

www.centre-ubuntu.bi

En partenariat avec



NTWARANTE 2023



IBIRIMWO

04 INTANGAMARARA

05 IBICE BIGIZE AKA GATABU

06 CORONA WE, URAKANKOREYE PE!

27 INKURU ZITANDUKANYE ZEREKANA
INKURIKIZI KU BADANDAZA, KU MIRYANGO
NO KU MIBANO

27 INKURU

35 INKURIKIZI ZA CORONA VIRISI ZIBONEKEJE
MURI IZO NTARA ZITANDUKANYE

37 UGUSOZERA

INTANGAMARARA

Mu ntumbero yo gushigikira abenegihugu bakozweko n'ikiza ca corona virisi bahora bakora ibikorwa vyo kwiteza imbere, mu nyuma, bakagira ihahamuka ku rugero rutandukanye kubera ibibazo vy'umurengera, Ikigo Ubuntu gifashwe mu mugongo na PNUD n'igihugu ca Suisse, caragiraniye ibiganiro n'abenegihugu bo mu ntara zitandukanye zo mu gihugu : Cibitoke (Rugombo, Buganda), Bubanza (Gihanga), Bujumbura (Mutimbuzi), Kayanza (Matongo, Kabarore, Kayanza), Ngozi (Busiga, Mwumba, Nyamurenza) kugira gifashe gutekanya imitima yakozweko n'ico kiza ngo basubire mu migambi yabo yo kwiteza imbere baremye mu mitima.

Mu biganiro Ikigo Ubuntu cagiraniye n'abenegihugu bo muri izo ntara, baraseruye akari ku mutima, baravuga ibibazo bahuye, inkurikizi zibonekeje ku muntu no mu kibano, bitewe n'ikiza "corona".

N'aho biri uko, hari abigira sindabibazwa ntibabone ko abo bantu bakozweko n'ico kiza bakeneye uwubafata mu mugongo kugira baronke inguvu zo gusubira ku kivi. Ahubwo, bishinga kubakumira bakibagira ko "umuntu agigwa n'uwundi".



IBICE BIGIZE AKA GATABU

Ikigabane ca mbere

Muri iki kigabane tubona ukuntu iyo ikiza giteye, abantu batekerwa n'ubwoba ku buryo iyo hari uwuhitanwe n'ico kiza, umuryango asize uharigwa ivomo mu kibano ivyo navyo bikavana n'ukutamenya.

Ikigabane ca kabiri

Muri iki kigabane inkurikizi zibabaje ziribonekeza ku bantu "corona virisi" yaciriyemwo bariko bariyungunganya mu bikorwa vyo kwiteza imbere, maze haraba uruhombo mu bikorwa vyabo bongera barakumirwa. Ivo vyose vyatumye bagira ihahamuka.

Ikigabane ca gatatu

Iki kigabane cerekeye uguozera aka gatabu, cerekana icokorwa ku bahora basanzwe barangura imigambi y'iterambere ariko ikiza "corona" kikabatesha, bakagira guhomba n'ugukumirwa mu kibano.



I. CORONA WE URAKANKOREYE PE. MBURE UMUVYEWI, NKUMIRWE MU KIBANO NONGERE MPOMBE MU RUDANDAZWA

Muri iyi nkuru, Ruzariya ni umukenyези abanye neza n'umushingantahe wiwe Firipo.

Aradandaza inzoga y'urwarwa amafaranga aronse akayakoresha mu guteza imbere umuryango.

Ivyo vyahindutse igihe nyina wa Ruzariya agwariye “corona virisi” ikanamuhitana.

Inyuma y'aho, Ruzariya yashoye inzoga nkuko yahora abikora, arabura n'umwe amugurira kubera ababanyi bari bazi ko nyina wiwe yasize yandukije umuryango wose, bagatinya kwandura no gupfa.

Ikindi catuma bakumira Ruzariya, ni uko mu kibano bwari bubaye ubwa mbere babona umuntu ahambwa mw'i "sashe". Bo babona ko ari umuvumo.

Nta n'umwe mu babanyi yamubaye hafi ngo amuremeshe.







FIRIPO AMENYA KO INABUKWE ARWAYE.







UMWITEGURO WA RUZARIYA NA FIRIPO WO KUJA KURABA UMUGWAYI



RUZARIYA

EGO TUBIKORE
UKO, IBITOKE
NA VYO TURAJA
KUBIZANA
TUVUYE YO.

FIRIPO

ARIKO ICO WO
MENYA NI UKO
ATARUGENDA
AGIRA NGO
NDAJE.

RUZARIYA

AHO UVUZE
UKURI.

FIRIPO

URIRA KW?
IKINGA
TUGENDE.

RUZARIYA

BA BANA
BARI HE
NGO NDABA
SIGIRE IBIRYOP

FIRIPO ATI

NARI NDABABO
NYE MU MWANYA
NONE BAGIYE
HE?

RUZARIYA

ABANA NABO
NTIBAGUMA
HAMWE, UYU
MWANYA BA
GIYE HE?

FIRIPO

YEWE URA
KUMBURA
LIBAHAMAGA
RE MBONA
UMENGÖ HARA
KEYE.

MUKANYA RU
ZARIYA ATI

WE KANA?
KANA NYENE?
CA NG'WAHA!

FIRIPO

HA MBONA
BATARI
KURE

RUZARIYA

REKA RERO
NDABABWIRE
IVYO BAKORA
TURABE
DUSIMBE.

7



BARAMUBUZE MUHIRA BAGIYE KUMURABA KU BITARO.











URUPFU RWA KARORINA



BA KARORINA
NIYIMPAGARI
TSE TURABA
MENYESHETE
KO YASANDA
VYE. TURA
BAHOTETE
MURI BINO
BIHE BITO.
ROSHE.

RUZARIYA UMUKOBWA WA
KARORINA

YOOOH!
NABIBONYE
KARE YE
MWIE,
KUJA
KUMURA
BA NTI
BAMUTWE
REKE.

JERARI UMUHUNGU WA KARORINA NA KARORI MUSAZA
WIWE...

NIWIHORERE
MUSHIKANIE
TWESÉ NI YO
TWIMIRIJE.

NONE GA MU
GANGA MURA
MUDUHA KUGI
RA TUMURABA
NTIBAMUTWERE KE

KARORI MUSAZA WA KARORINA

MUGANGA

NONE GA MUGANGA
MURAMUDUHA KUGIRA
TUMUSEZERE UBWA
NYUMA?

ABATARI BA
KE NTIMUYOBE
WE IBIHE TURI
MWO, TURUGARI
JWE N'IRIZA
«CORDINA VIRISI»
ICO KIZA, KIRANDU
KIRA, KANDI AHO

GISHITSE GI
SASICA INGA
NDA. NI UKWA
MA TWARIKA
NUYE KUGIRA
TUKIGWANYE.

POLINA

ICO KIZA
KIRATEYE
UBWOBA,
HA!

MUGANGA ATI

KUMUSEZERA NI MUMU
SEZERE KU MUTIMA.
ICO MWOMENYA NI UKO
UMUNTU ARWAYE IYO
NDWARA YANDUZA
MBERE NTIYD YASA
NDAVYE BIKAGENDA
UKO NYENE.



UGUKUMIGWA KWA RUZARIYA MU KIBANO, VYAVYAYE URUHO-MBO







17







II. INKURU ZITANDUKANYE ZEREKANA INKURIKIZI KU BADANDAZA, KU MIRYANGO NO KU MIBANO



Kuyagira abandi ivyagushikiye bibabaje niyo ntango yo gukira

a. Inkuru

Mu biganiro Ikigo Ubuntu cagiraniye n'abenegihugu bo mu ntara zitandukanye ku vyerekeye inkurikizi ku bacuruza n'abakora ibikorwa vy'iterambere mu gihe ca « corona virisi », ngizi inkuru zitandukanye zashikirijwe.



Rugombo

Umugabo akiri muto avuka muri zone Rugombo, yakorera sebuja mu rucuruzwa rw'ibiraya akabijana mu gihugu c'Urwanda. Uno nawe akaronka amafaranga ibihumbi bitanu (F 5000) ku musi. Inyuma y'amezi atatu, yaciye yikorera ivyiwe mu gushora ibiraya mu gihugu c'Urwanda, kuko yari afise umutahe wiwe w'amafaranga ibihumbi amajana atatu (F 300 000). Aho bugariye imbibe ku bw'ikiza « corona virisi », ubworo bwaramwinjiranye, mbere na wa mutahe arawukoresha mu kwikenura muri utu na turiya. Amagorwa ntasiga ayandi, umugabo w'umubanyi atunze yaciye amutwara umugore. None ubu, umugore yaramutaye, asigaye areze abana wenyene. Uwo mugabo yaratuntuye ku muti-ma kubera uguhomba mu rudandazwa rwiwe n'uguhemukirwa n'umukenyezi wiwe.



Gihanga



Umugabo w'i Gihanga yakora urucuruza rw'ivyamwa: pasteke, mandarine, imicungwe. Ivo vyamwa yabikura mu Burundi akabishora muri Repubulika iharanira Demokarasi ya Congo. Yabitwara kw'ikinga kandi ari vyinshi.

Urwo rudandazwa rwari rwateye imbere ku buryo yari abayeho neza n'umuryango wiwe. Vyongeye, yarumvikana n'Abanyecongo gushika n'aho yatanga ibicuruzwa akarindira ko bamuriha amahera mu nyuma. Aho ikiza « corona » gitereye, imbibe z'Uburundi na Repubulika iharanira Demokarasi ya Congo zikugarwa, yarahomvye kuko iryo tegeko ryasohotse ashaka kuja gutora amafaranga y'ivyamwa yari yaragurishije. Yaragerageje uko ashoboye kose kugira ajabuke imbee aje kurondera ayo mafaranga biranka. Amaze kubona ko yahomvye ivyo yabiriye akuya iyo myaka yose, yaciye ata ubwenge agwa hasi. Gushika ubu, ntariyakira.

Gatumba



Ikiza « corona » kitaratera, umugabo n'umugore baba mu Gatumba, bakora ubuzi butandukanye. Umugabo yakora akazi ko kunguruza abantu kw'ikinga muri Repubulika iharanira Demokarasi ya Congo. Umugore yacuruza inyanya, amavoka n'intore muri ico gihugu nyene. Ico kiza kimaze gutera, yaba umugabo yaba umugore, nta n'umwe yasubiye guhonyora muri Repubulika iharanira Demokarasi ya Congo kuko urubibe rw'ico gihugu n'Uburundi rwari rwugaye.

Guhera ico gihe, hacie hibonekeza ubukene mu muryango wabo. Umugore ntiyashoboye kuronka amafaranga asubiza uwari yaramuguranye mu gihe yakora urudandaza. Muri ico gihe, uwo muryango warabura amafaranga yo kuriha inzu ubamwo. Umugore atangura kurima akorera abandi kugira baronke ico bafungura. Ikiza « corona » carabatumye bahomba mu rudandazwa rwabo kandi baragize umubabaro.

Nyamurenza

Umwana w'umuhungu yiga mu mashure y'intango yo muri zone Buye, komine Mwumba, intara ya Ngozi. Mu gihe ca « corona virisi », yaragiye kwipimisha ku bitaro vy'i Buye asanga aragwaye. Baciye bamushira aho bugaranira abarwaye mu kiringo c'indwi yose. Muri ico gihe nyene, mutoya w'uyo muhungu yararwaye igihute nyina amujana muri ivyo bitaro vy'i Buye, aho nahoh, hari hategekanijwe abantu bazoza barahipimishiriza « corona virisi ». Abanyeshure bigana na wa muhungu bagiye kwipimisha baca babona nyina batangura kumwagiriza ko umwana wiwe ariwe yabandukije arico gituma baje kwa muganga. Uwo muhungu yaravuwe arakira ariko abandi banyeshure baguma bamwinuba ngo ntabanduze. Ivyo ntivyahereye aho, haba kw'ishure canke mu kibano, bamutazira « corona ». Uwo muhungu yarababaye ku mutima ku buryo n'ishure yahevye. Yahisemwo kwigumira muhira kugira aze arinyegeza abantu.

Buganda



Umugabo avuka muri zone Ruhagarika yarangura ibitenge muri Repubulika iharanira Demokarasi ya Congo akongera akabicecururiza i Burundi. Aho «corona virisi» itereye uwo mudandaza yaciye ashikira aho bugaranira abantu kugira babapime ico kiza. Hanyuma ibitenge yari yaranguye barabimwivye aca arahomba. Urwo ruhombo rwatumye adashobora gusubiza amahera yari yaraguranye mu gukora urwo rudandaza. Kubera yari yabuze amahera yo kwishura ingurane yari yasavye, yaciye agurisha itongo ryiwe nawe aca ariha amafaranga angana imiliyon'i zibiri. Uruhombo rwaramuteye igikomere co ku mutima.

Kabarore

Umucuruza yari amaze imyaka itari mike mu rudandaza, akama ashorera ibiraya mu gihugu c'Urwanda. Aho ikiza "corona virisi" gitereye, imbibe z'Uburundi n'Urwanda zikugarwa, uwo yaciye ahagarika gushorera aho. Imbere y'uko ico kiza gishika mu gihugu cacu, uwo mugabo yari mu mashirahamwe atandukanye, yo kuziganya no kuguranana aho yasaba ingurane akayisubiza n'inyungu.

Ariko, kubera ico kiza, imbibe z'ivyobihugu bibiri zarugaye, urudandaza rwaragabanutse asanga afise amadeni muri ya mashirahamwe. Kugira ashobore kuriha ayo madeni, yagurishije amatongo. Ubu abayeho nabi kandi yerekana ibimenyetso vy'ihahamuka.

Busiga

Umucuruza avuka muri zone Rukeco yari umunywanyi w'ikoperative «Tugwizamata», yasavye ingurane mu kigega gitanga ingurane kugira urudandaza rwiwe rugende neza. Inyuma y'amezi makeya, ikiza « corona » carateye, uwo mucuruza baramupimye basanga agwaye ico kiza. Yaciye aguma yiugaranaye mu nzu, aho yadandariza harugarwa, ibidandazwa birononekara. Guhera ico gihe, abaye mu bukene kuko adashobora kuronka ibitunze umuryango kandi ntarariha amadeni. Abantu bo mu kibano bamuraba ribi. Naho yasubiye gukora urucuruza, ntarashika ku ntambwe yaragezeko imbere y'ico kiza kubera ibikomere vyo ku mutima camusizemwo.



Matongo



Imvukira y'i Bandaga, muri komine Matongo, yakora urucuruza rw'amabungo mu gihugu c'Ubuganda imbere y'uko ikiza ca «corona» kiza. Aho imbiibe zivyobihugu zugariwe kubwa « corona virisi », umugambi wiwe waciye uhagarara. Gushorera muri rya soko ryo hanze y'igihugu ntivyabaye bigishoboka. Umuravye ubu, agenda nk'uwtakaje ubwenge kuko atabona neza kazozak'iwe n'ak'umuryango. Kubw'urwo ruhombo, nta gaciro bamuha haba mu muryango canke mu kibano.

Kayanza



Hari umucuruza wo mu Kayanza yahora arangurira ibidandazwa vyiwe mu gihugu ca Tanzaniya. Aho «corona virisi» gitereye, baramupimye basanga ararwaye ico kiza. Kubw'ivyo, vyabaye ngombwa ahagarike urudandaza. Kubera ata kindi gikorwa yakora, yarataye umutwe, aragwara umutima, ahava ajanwa mu bitaro. Yatanze amafaranga menshi. None ubu yugarijwe n'ubukene burenze none yarihebuye ko atazosubira kubaho neza nka mbere.

Icigwa twokura muri izi nkuru:

Iyo ikiza giteye, abantu baragira ubwoba batinya kwandura no gupfa. Mu gihe ico kiza kibatesheje ibikorwa baba bariko bararangura, kirabasigamwo imvune bagacika inkokora. Ariko, iyo habonetse abababa hafi, babatahura, nabo barumva ko baremye, mbere bakaronka n'intege zo gusubira ku mirimo bahoramwo.



b.Inkurikizi za corona virisi zibonekeje muri izo ntara zitandukanye



Dutorere hamwe umuti w'ibibazo vyo mu kibano

- Abakenyezi n'abashingantahe batagifise ubushobozzi bwo kubandanya imigambi yahora ibabeshaho.
- Ubukene.
- Iduzwa ry'ibiciro.
- Kwihebura kurengeje.
- Abagabo bamwe bamwe baheba imiryango yabo bagahungira Repubulika iharanira Demokarasi ya Congo
- Kutagira imigenderanire n'imiryango iri Repubulika iharanira Demokarasi ya Congo
- Abana barwaye indwara zo gufungura nabi.
- Kubura isoko ry'ibidandazwa.
- Amahera yaheze Repubulika iharanira Demokarasi ya Congo kuko imbibe zugaye.
- Ubusuma bwo mu mirima.
- Gucika inkokora.

- Kwigunga kubera gutinya ko abandi bogutwenga.
- Ingorane hagati y'abubakanye bitewe n'ubukene.
- Gufungwa kubera ukubura amahera yo kuriha amadeni yafashwe mu kurangura imigambi y'iterambere.
- Ubushurashuzi n'ukurenga ibigo.
- Kusigara ureze abana we nyene.
- Ubusuma buciye ku rwenge.
- Ihahamuka ry'abantu batashoboye kuriha amadeni bari basavye
- Iyugarwa ry'imbibe kubera ikiza « corona ».
- Gutakaza ubwizigirwa mu banywanyi b'amashirahamwe yo kuziganya no kuguranana kubera « corona virisi ».
- Ukubura imitahe ku bacuruza.
- Ubwoba burengeje.
- Itituka ry'imigenderanire y'abantu bo mu kibano.
- Kugira uruhagarara.
- Ugutakaza akazi.
- Ihahamuka ku bantu bafashe amadeni hanyuma ntibayarihe.



III. UGUSOZERA

Muri make, ivyokorwa kugiraabantu bakora ibikorwa vy'iterambere baraburabujwe na “corona virisi” bagahagarika n’ivyo biyungunganyamwo basubire ku kivi

Abadandaza

- Borengera ivyabashikiye bakabandanya batarataza mu bikorwa vyobateza imbere.
- Kwiyakira bakabona ko ubuzima budaca buhagarara.

Amashirahamwe

- Yogiranira ibiganiro n’abo bakozweko n’ico kiza bari basanzwe bakora ibikorwa vyo kwiteza imbere.
- Yoha inyigisho abakozweko n’ico kiza mu ntumbero yo kubaremeha

Leta

- Yoshinga ikigega c’integabizoza gifasha ababa bakozweko n’ibiza bitandukanye.
- Kubafata mu mugongo mu kubaha ingurane kugira bashobore kunagura imigambi bahora bakora.



IKIGO UBUNTU

Uwurongoye Ikigo Ubuntu

Furera NTAKARUTIMANA Emmanuel O.P.

Icegera c'Uwurongoye Ikigo Ubuntu

Furera BIGIRIMANA Jean Népomucène O.P.

Umunyamabanga

KWIZERA Belyse

Abanyabigega

NINDAMUTSA Edith

BIZIMANA Joyce Sandra

Igisata co kumenyesha amakuru

NIMENYA Nicolas

NTAHONSHIKIYE Placide

Igisata c'ubushakashatsi, kwandika ibitabu no guhindura indimi

NTWARI Richard

BIGIRIMANA Madeleine

Igisata co kumviriza no gufasha abatuntujwe n'intambara, kugira ubushakashatsi mu vy'imibano n'inyifato

NIMBONA Josiane

HABARUGIRA Patrice

Studio Ubuntu

NKUNZIMANA Hervé

Umurongo ngurukanabumenyi (Site web)

NZEYIMANA Janvier

B.P. 2960 Bujumbura
agateka 2012@yahoo.fr
centreubuntu@yahoo.fr
<http://www.centre-ubuntu.bi>